*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№-95
(9736)

2015 сональъул
22 декабрь

*ТАЛАТ*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

РАШИДБЕГ ГIУМАХАНОВАСУЛ 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## ГЬУДУЛАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ РАКIАЛДЕЩВЕЯЛ



Машгьурав нейрохирург Рашидбег ГIумахановасул хIакъалъулъ цIале 2-3 гьурмазда.

РАШИДБЕГ ГIУМАХАНОВАСУЛ 90 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# ГЬУДУЛАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ РАКIАЛДЕЩВЕЯЛ

***ГIумаханов Рашидбег гьавуна 1925 соналъул 25 декабралда Гъагъалъ росулъ рагъулав хъулухъчиясул хъизамалда. Гьесул эмен ГIумаханица 1906 соналда лъугIинабуна Темирхан-Шураялъул реальнияб училище, 1909 соналда Елезаветградалъул юнкеразулаб училище. Вук1ана Александрополалда эскадроналъул командирлъун. 1913 соналда гьев витIула Темирхан-Шураялда букIараб Дагъистаналъул рекIаразул полкалде. Гьесие кьуна Святой Станиславасул цо ва «Святая Аннал»-2 орден. ХIалтIана округалъулаб НКВДялъул начальниклъун ва районалъул банкалъул заведующийлъун. Амма мацIихъабазул «гьунаралдалъун» пачаясулаб армиялъул офицер вукIарав чиян жаниве тIамула, ГIумаханицайин абуни, Дагъистан гьоркьобе унеб Россиялъулаб пачалихъалъе ракIбацIцIадго хъулухъ гьабулеб букIана.***

ГIумруялъул анцIила цоабилеб соналда Рашидбег инсудасан махIрумлъана, хеккого-эбелалдасанги. Рашидбегилги гьесул кIудияв вац Халидбегилги тIалаб-агъаз ва тарбия кьей тIаде босула гьезул инсул яц ПатIиматица. Гьелъ хисула гьезие эбелги эменги. Гьелъ жиндирго хъизанги гIуцIичIого, тIолабго гIумру кьола росдал школалъул вукIинесев директор, СССРалъул Лъай кьеялъул отличник Халидбег ва медициналъул гIелмабазул доктор, профессор, СССРалъул Сахлъи цIуниялъул отличник, РФялъул гIелмабазул мустахIикъав хIаракатчи Рашидбег ГIумахановазе. Гьезда кидаго кIоченчIо жидерго инсул яц, кIудияб адаб-хIурматгун бицунаан гьей гIадатияй чIужугIаданалъул хIакъалъулъ.

Росдал школа лъугIун хадуб Рашидбег цIализе лъугьуна Буйнакскиялъул педучилищалде, амма материалияб рахъалъ рукIарал захIмалъабазда бан гьеб рехун тезе ккола. 1945-1946 соназда хIалтIана школалда учительлъунги военруклъунги, хадув-районалъул школазулав инспекторлъунги.

Дагъистаналъул мединститут лъугIун хадуб гIолохъанав, букIинесеб бугев специалист хIисабалда, Дагъистаналъул Сахлъи цIуниялъул министр М.М.Макъсудовас Р. ГIумаханов тIамула Гумбет районалъул сахлъи цIуниялъул бетIерлъун. Министр мекъи ккун гьечIо. Рашидбегица живго вихьизавуна гьунарги махщелги бугев гIуцIарухъанлъунги, унго-унгояв специалистлъунги, бажариги тIалабги бугев нухмалъулевлъунги ва гIадамазе лъикIлъи ва гьезул мурадал тIуразе бокьулев инсанлъунги.

Р. ГIумахановасул халкъалда гьоркьоб букIана къадру-къимат, гьесдехун кIудияб адаб-хIурматгун балагьулел рукIана районалъул нухмалъулелги. Рашидбегил хIурматалда гIемерал эбел-инсуца жидерго васазда гьесул цIар лъолеб букIана. ЛъикIлъи ва гьелъие къимат кьезе лъалел гумбеталъулаз жакъаги хIурматгун абула «Нижер Рашидбег»,-ян.

РакIалда буго, Сахлъи цIуниялъул Министерствоялъул коллегиялда гьоркьоб лъун хал гьабулеб букIана Гумбет районалъул гIадамазе медициналъулаб хъулухъ гьабиялъул суал. Гьениб гIезегIан критика гьабуна, хасго лъимал гьариялъул ва лъимал цIуниялъул бугеб рахъалъ. Бихьизабуна улбузул ва лъималазул хвел цIикIкIун букIин. Гьоркьоб лъураб суалалда тIаса хIасилал гьарулаго министр М. Къураевас абуна: «Дихъе рачIана Гумбет районалдасан чIахIиял чагIи ва гьарана Рашидбег жидехъе тIад вуссинавейин». Тохтурзабаздехунги балагьун тIаде жубана: «Нужее нич букIине ккола, ургъе херал чагIазул гьел рагIабазда тIад»,-ян.

Ленинградалда нейрохирургиялъул рахъалъ клиникияб ординатура лъугIинабун хадуб Рашидбег ГIумаханов тIамула Сталинградалъул клиникияб больницаялъул нейрохирургияб отделениялъул заведующийлъун. Гьелдаса чанго сон ун хадуб ниж Рашидбеггун ккана Волгоградалде. Дагъистаналъул гьоболлъиялда нижеда дандчIвай гьабуна Волгоград шагьаралъул Сахлъи цIуниялъул отделалъул заведующийлъун вукIарав нилъер ракьцояв Н. АхIмадовас. Областалъулал ва областалъул сахлъи цIуниялъулал нухмалъулезулгун гIемерал гьудуллъиялъулал гара-чIвариял ккана. БатIаго асар гьабулеблъун букIана областалъул централияб больницаялъул, гIемерал соназ Рашидбегица нухмалъи гьабураб, отделениялда букIараб дандчIвай. Гьениб букIана ракI-ракIалъулаб рохелги, къвалал райги, къочиялги.

Нейрохирургиялъул рахъалъ тIадегIанаб махщалил специалист хIисабалда Р. ГIумахановас кIудияб экстреннияблгун (хехаб) консультациялъулаб кумек гьабулеб букIана, гIицIго Волгоград областалъул гIадамазе гуребги цогидал областазул, краязул, гьездаго цадахъ Дагъистаналъулги халкъазе. Санитарияб авиациялъул летчиказул цояв, Волгоградалде Рашидбег вачIанин рагIиндал, больницаялде вачIана нилъер ракьцоявгун дандчIвазе. Гьес ракIалде щвезабулеб букIана тIабигIаталъул шартIазухъ балагьичIого областалъул районазул гIадамазе хехаб кумек гьабизе Рашидбеггун роржунел рукIараб куц ва Рашидбег ГIумахановги ругьунлъун вукIаралъул самолет бачине, жинца гьеда руль божизабулеб букIараблъиги.

Дагъистаналъул ХIукуматалъул гьариялда рекъон Р. ГIумаханов Дагъистаналде тIад вуссана. Гьес гIуцIана республикаялда нейрохирургияб служба (хъулухъ). Республикаялъул клиникияб больницаялда цебе бугеб нейрохирургкияб отделениялъеги ва Дагъмединституталъул нервабазулал унтабазул кафедраялъеги нухмалъи гьабулеб букIана. ХIалтIана мединституталъул лечебнияб факультеталъул деканлъун, вук1ана Минздравалъул бетIерав нейрохирурглъун, Нейрохирургазул тIолгосоюзалъулаб обществоялъул правлениялъул членлъун, Дагъистаналъул неврологазул, нейрохирургазул ва психиатразул гIелмияб обществоялъул председательлъун.

Рашидбегилгун дир лъай-хъвай ккана цебего, лъалев вукIана студент вукIадгоги. Дагъистаналде тIад вуссун хадуб заманалда щибаб къоялъ нижер рукIана вацлъиялъулал дандчIваял. Чанго къоялъ рихьичIого хутIани,Ризван, дихъе дурго сурат битIе, дандчIвайдал дида мун лъачIого вукIинеги бегьулин ахIулеб букIана телефоналъ.

Гьев лъикIав ва тIадегIанаб гIаданлъиялъулав инсангун щибаб дандчIвай букIунаан рохеллъун,сверулаан хинаб, гьудуллъиялъулаб гара-чIвариялде,гIакъилал насихIатазде ва рухIияб камиллъиялде.

Р. ГIумаханов вукIана кутакалда гIадатияв, гIажаибго гIодове виччарав, сабруяв, къокъаб хабар-каламалъул, вакIа-вахарарав инсан-интеллектуал.

Киданиги борхизабулароан гьаракь, биччалароан хъачIлъи, дандияв къабихI гьави, гьесул каламалъул лексиконалда букIинчIо, хьами-рагъиялъул цониги рагIи. Рашидбег ГIумаханович вукIана берцинав, рак1 лъик1ав, г1аданлъи бугев,даимго къамартIго вукIунев чи. Кидаго унароан чиясул къварилъабазда ва унтабазда хьолбохъан. Гьесухъан кидаго бачIунаан хинлъи, канлъи ва парахатлъи.

Рашидбегилгун дир бугеб гьудуллъиги лъан дида гьев Хасавюрталде консультациялде вачеян гьарана цо гIадамаз. Ниж минаялъул хважаингун къватIир балагьун чIун рукIана гьесул вацасул хал гьабиялъул хIасилалде. Унтарасул гьумер бихьулеб букIана нижеда, Рашидбег нижедехун мугъги сверун унтарасул хал гьабулев вукIана. Циндаго унтарасул гьумер рохалица цIуна. Унтарав вукIун вуго мацI лъаларев, тохтур гьевгун кIалъан вуго ишарабазул мацIалъ. Щиб гьабизе кколеб, кинал дараби гьаризе кколел профессорас бичIчIинабидал унтарасе бигьалъи ккана, гьев бащадалъгIаги сахлъана.

Хадуб дида лъана лъимерлъиялъул заманалда Рашидбегил гьудул вукIун вуго мацI лъаларев (глухонемой) вас. «Бихьулищ, кIочон гьечIо, кIажалъидал батана»,-ян абуна Рашидбегица.

Рашидбег ГIумахановас борхатго цIунулаан гьудуллъи ва киданиги гьелъие хилиплъичIо. Гьев вукIана къучIавлъун, тIоцебе жиндасанго, хадуб сверухъ ругездасан тIалаб гьабулевлъун, гьев вукIана нравственниял хасиятал чорхолъ рессаравлъун, гьеб рахъалъ цогидазе, хасго гьудулзабазе, жиндирго хIалтIухъабазе гуревги, живго дандчIваралщиназе мисалиявлъун.

Рашидбегил нахъе хутIана, гьесул чIухIилъун йикIарай яс-Зоя. ХIалтIулей йиго дипломалда хадусеб лъаялъул неврологиялъулаб кафедраялъул заведующаялъун. Коллективалда ва унтаразда гьоркьоб гьелъул буго къадру-къиматги, хIурматги.

Р. ГIумахановасе къисматалъ кьуна чIахIиял захIмалъабиги рекIел къварилъабиги, амма гьел киналго гьес раччана ва хIехьана бахIарчияб къагIидаялда, бихьинчилъиялда. ХIалтIана гIумруялъул ахириял къоязде щвезегIан. Къокъаб заманалъулаб унтиялдалъун абадиялъего берал къанщана 2003 соналъул 26 июлалда. Вукъана Хасавюрталда.

Р. ГIумахановасул-кIудияв гIалимчиясул сахлъи цIуниялъул унго-унгояв гIуцIарухъанасул ва педагогасул руго гIемерал пачалихъиял шапакъатал-хIурматиял цIарал, гIелмиял даражаби, амма бищун кIудияб ва къиматаб шапакъат буго халкъалъе вокьиги ва кIочонгутIиги. Гьес гIумру гьабулеб минаялда мемориалияб хьарщи чIванги, гьев хIалтIулев вукIараб отделениялъе гьесул цIар кьейги ва гьев цIалулев вукIараб Гъагъалъ росдал школалда ва Хасавюрталъул къватIазул цоялда гьесул цIар лъейги ккола гьев нилъер ракIазулъ хутIун вукIин.

ЛъагIалида жаниб кIиго нухалъ-гьев гьавураб ва хвараб къояз Хасавюрталде гьесул хабаде зияраталъе щола ниж, гьесул гьудулзаби ва ракIалде щвезавула нижерго гьудул.

**Ризван КАРИМОВ,**
***ДРялъул халкъияв тохтур.***
***(МагIарул мацIалде буссинабуна Ш. Лабазановас)***



# ГЬАВ ВУКIАНА ДИЦА МИСАЛ БОСУЛЕВЛЪУН

Гьаб соналъул декабралда 90 сон тIубала Дагъистаналъул мустахIикъал гIадамаздасан цояв тохтур-нейрохирург, профессор Рашидбег ГIумаханов гьавуралдасан. Гьев тIадегIанаб гIаданлъиялъулав чигун дир лъайхъвай ккана 1967 соналда, дун мединституталъул студент вугеб заманалда, мединституталъул кIудияв декан, дир росуцояв ХIажи ГIумаровасухъе дирго хъулухъалъ щвараб бакIалда. Кабинеталъуве жаниве лъугьунаго диде дандчIвазе вахъун вачIана ворхатав, гвангъарал цIахIилал беразул гIолохъанчи ва абуна:-Тохтур Рашидбег ГIумаханов,-ян. Гьесда дирго цIарги бицун ва тIаса лъугьаянги абун дун нахъего ине лъугьиндал гьес дун чIезавуна ва ХIажи ГIумаровасги абуна:-Дудасан бахчараб балъголъи нижер гьечIо,-ян. Гьелгун гIодов чIун гIинтIамун вукIарав дида бичIчIана гIезегIан соназ Сталинградалда хIалтIулевги вукIун гIемераб хIалбихьиги медициналъул гIелмабазул кандидатасул цIарги щун жиндирго гIагараб Дагъистаналде тIад вуссарав чи вукIин Рашидбег ГIумаханов ва гьелъие гIиллалъун букIин Дагъистаналъул нухмалъиялъул гьари.

Гьелдаса хадуб гьев дида вихьулаан институталъул студентазе лекцияби цIалулевги ва гьединго коридоразда дандчIванги. Дун намуслъун, гьесие ворчIамиянги кьун лъалхъичIого ине лъугьунаан. Амма Рашидбег ГIумахановичас дун щибаб нухалъ лъалхъизавичIого ва гьикъа-бакъичIого виччалароан. Диргунго гIадаб гIадатияб ва лъикIлъи бокьиялъулаб гьоркьоблъи букIана гьесул цогидал студентазулгунги. Гьелъги, гьесул камилаб гIелмиябгун педагогикияб махщелалъги, гIадатлъиялъги, гIаданлъиялъги ва хьвадачIвадиялъул берцинлъиялъги батилаха вокьулев вукIана киналго студентазе гуревги гIелмияб коллективалъеги.

Гьел киналго хасиятал щулаго рессун рукIана Рашидбег ГIумахановасул чорхолъ, медициналъул гIелмабазул докторлъун вахъиндалги, «СССРалъул сахлъи цIуниялъул отличник», «РФялъул гIелмабазул мустахIикъав хIаракатчи» Россиялъул ва Дагъистаналъул мустахIикъав тохтур» гIадал цIаразе мустахIикълъидалги ва кафедраялъул заведующийлъун ва медициналъул общественниял гIуцIалабазул гIуцIарухъанлъун хIалтIулев вугониги.

Гьединавлъун вукIине ва хисунгутIиялъе инсанасе къваригIуна бахIарчилъиги, рухIияб бечелъиги, гIакълуги, сабруги ва унго-унгояб инсанчилъиги. Гьев цого къагIидаялда вукIунаан жиндасан кIудиялгунги, гIиссиналгунги ва ращадалгунги. Гьединал хасиятазде тIадеги гьев берцин гьавулеб жо букIана захIмат бокьиги, тохтурасулаб камилаб махщелги, гьеб, батIалъи гьечIого, киназего хIалтIизабизе букIараб гьираги. Кив, лъиде кIалъалев вугониги гьаракь гIадатияб къагIидаялдасан борхизабулароан. Абиги гьечIищха гирулелъул чIобогояб бочкаялъул гьаракь борхатаб букIунин, цIуралъул-гIодобегIанаб букIунин.

Гьединго гьес киданиги толароан телефоналъе жаваб кьечIого ва щибаб гьеб букIунаан «Тохтур ГIумаханов дуде гIинтIамун вуго»,-ян. Тохтур абураб цIар кIудияб адабалда цIунулаан, гьелдаса чIухIи ва пахрулъи, жив лъикIав, жо лъалев тохтур вугин бихьизаби гIадал хасиятал рикIкIунаан бищунго нахъегIаналлъун ва пасикъаллъун. Гьединал гIадамал рихьизего рокьуларoан гьесие.

Гьев кIудияб гIаданлъиялда балагьулаан гIадамазде, хасго гьудулзабазде бачIараб къварильиялде. БатIаго гьесие захIмалъана МухIамадтIагьир ГIабдулгъапуров Аллагьасул къадаралде щвей. Гьев мунагьал чураясул къулпу-алхIамалда рукIарал къояз Рашидбегица диде абуна: «Бихьулищ Абукъасим, кигIан къокъаб бугеб инсанасул гIумру. Лъида ракIалде ккезе букIараб МухIамадтIагьирица гьадигIанго хекко гIумру тезе батилин. Гьев вукIана гьварилъуде щун порядочнияв ва вацIцIадав инсанлъун. КигIан гIемер жо гьабураб гьес Дагъистаналъе ва гьелъул халкъалъе лъикIлъиялъе. Гьеб гIелазда кIочене батиларо,-ян.

Рашидбегил гьеб каламалъулъ бихьулеб букIана гьудул-гьалмагъ ватIалъиялъе бугеб кIудияб рекIел бухIиги захIмалъиги.

Чаялда нахъа гьединаб каламхабаралдаса хадуб Рашидбег рокъове ине вахъиндал дица гьев нухда вахъулев вукIана рокъове щвезегIан. Амма гьес бащадаб нухдаса дун нахъе вуссинавуна.-Дир сахлъиги лъикI буго, дунгоги лъикI вуго, Аллагьас хъван батани рокъовеги щвела,-янги абун живго цевехун ана. Гьелдаса хадуб 2-3 сагIаталдаса Рашидбег вукIинчIо. Амма гьес нахъе тана халкъалъеги, гьелъул сахлъиялъе гIоло гьабураб ракIбацIцIадаб, лъикIлъи бокьиялъулаб хIалтIиги ва жиндехун халкъалъул букIараб рокьиги. Аллагьасда цевеги гьединавлъун ватаги гьев!

Гьев вукIана ва хутIана дица мисал босулевлъун.

**Абукъасим СУЛТIАНОВ,**
*Дагъмедакадемиялъул факультативияб хирургиялъул кафедраялъул доцент, РФялъул ва Дагъистаналъул мустахIикъав тохтур (нилъер районцояв).*









# БАРКАЛА ТОХТУР!

Умумузул аби буго: «Лъимер унтиялдаса кIудияб тамихI эбелалъе щибго гьечIо»,-ян. Гьединлъидал батила, бокьарай эбелалъе жийго унтиялдасаги, лъимер унти захIмалъулеб.

Дагьай цее, ясги унтун, дунги ккана райбольницаялъул лъималазул отделениялде егизе. Гьениб бугеб рацIцIалъиги, гIадлу-низамги, унтарал лъималаздехун бугеб лъикIаб бербалагьиги бихьараб мехалъ, дир ракI бохана.

ТIоцебе, гьеб отделениялъул заведующая Загьра Асадулаевалъул, хадуб гьелъ гьабураб назначениялда рекъон медсестрабаз ракIбацIцIадго ва жиндир заманалда уколал гьарун, дараби кьун, физиотерапиялда хьвадизарун ва гьединго цогидал хIажатал процедураби унтарал лъималазе гьариялдалъун,



хIасилал лъикIал кколел рукIана.

Гьенир регизе рачIун кIиабилеб, лъабабилеб къоялдаго лъимал расандулел, рекерахъдулел рукIана. Дунгун цадахъ регун рукIарал тIолго лъималазул улбул дидаса байбихьун, кутакалда рази рукIана лъималазул отделениялъул заведующая Загьра Асадулаевалъул ва гьенир хIалтIулел медсестрабазул ракIбацIцIадаб хIалтIудаса. Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги гьездаса!

Районалъул «Гьудуллъи» газета гьоркьоб ккун, киналго районалъул лъималазул улбузул цIаралдаса, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго райбольницаялъул лъималазул отделениялъул заведующая, «ДРялъул мустахIикъай тохтур», Шодрода росулъа Асадулаева Загьра Асадулаевналъе ва цIар ккун абичIониги, киналго медсестрабазеги.

ТIаде щолеб ЦIияб 2016 сонги баркулаго гьарула нужее хъизаналъулаб талихI, щулияб сахлъи, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби!

**ГIайшат ЖАМАЛУДИНОВА,**
***районалъул централияб библиотекаялъул цIалдолеб залалъул заведующая.***

# РЕШЕНИЕ

*«20» декабря 2015 года* *№ 35*

*с. Алак*

**Об итогах дополнительных выборов депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Алак» шестого созыва**

На основании данных первых экземпляров протоколов участковых избирательных комиссий и в соответствии с законом РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» участковая избирательная комиссия №0163, на которую возложены полномочия избирательной комиссии СП «село Алак»

**РЕШИЛА:**

1. Признать дополнительные выборы депутатов Собрания депутатов сельского поселения «село Алак» шестого созыва состоявшимися.
2. Считать избранными в депутаты Собрания депутатов сельского поселения «село Алак» шестого созыва:
   1. Гасанова Абдулбадига Гасановича
   2. Лабазанова Залумхана Айгубовича
   3. Магомедова Камилхана Магомедхановича
   4. Саидудинова Зубаира Магомедовича
   5. Салихова Салмана Османовича

**Председатель комиссии Гарзатилаев З. К.**
**Секретарь комиссии Гаджиев А. К.**

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Уважаемые жильцы многоквартирных домов!**

Фонд капитального ремонта многоквартирных домов обращается к вам с настоятельной просьбой своевременно вносить плату на капитальный ремонт общего имущества вашего дома. Фонд (региональный оператор) совершенно не заинтересован принудительно через суд, как это предусмотрено статьей 155 ЖК РФ, взыскивать с вас задолженность на капремонт, Мы содержимся за счет республиканского бюджета РД. Но фонд обязан это делать. Не слушайте болтунов, призывающих вас не платить. С учетом пени, судебных издержек, затрат судебных исполнителей это вам обойдется в среднем в два раза дороже, чем ежемесячно вносить плату в отделения Сбербанка, почтовой связи, с января 2016 года размер пени за задолженность увеличен в 2 раза.

Одновременно доводим до вас, что при начислении льгот, субсидий малоимущим семьям на оплату жилищно-коммунальных услуг органы соцзащиты, службы субсидий обязаны учитывать вашу плату на капремонт. Просим Администрацию муниципального образования постоянно контролировать это.

Вам необязательно ждать 25 лет, как говорят некие «адвокаты-пиарщики», чтобы провести капремонт. Вы имеете право по своей инициативе проводить его в любой год; только денег для этого надо накопить и документы подготовить (ст.189 ЖК РФ).

**Дагестанский фонд капитального ремонта МКД .**

# Колонка прокурора

## Усилена уголовная ответственность за злоупотребление должностными полномочиями и халатность

Федеральным законом от 13.07.2015 N 265-ФЗ внесены изменения в отдельные законодательные акты Российской Федерации (Уголовный кодекс РФ, Уголовно-процессуальный кодекс РФ, Кодекс РФ об административных правонарушениях), которыми усилена уголовная ответственность за злоупотребление должностными полномочиями и халатность.

Действие статьи 285 Уголовного кодекса РФ ("Злоупотребление должностными полномочиями") распространено на должностных лиц государственных компаний, государственных и муниципальных унитарных предприятий, акционерных обществ, контрольный пакет акций которых принадлежит РФ, субъектам РФ или муниципальным образованиям.

Установлена уголовная ответственность за халатность, повлекшую причинение особо крупного ущерба. При этом особо крупный ущерб оценен в семь миллионов пятьсот тысяч рублей.

Также установлена административная ответственность за совершение действий (бездействие), повлекших неисполнение обязательств, предусмотренных контрактом на поставку товаров, выполнение работ, оказание услуг для нужд заказчиков, с причинением существенного вреда охраняемым законом интересам государства и общества, если такие действия (бездействие) не влекут уголовной ответственности.

Положения Федерального закона от 13.07.2015 N 265-ФЗ вступили в силу с 24.07.2015

***Прокуратура района в ноябре 2015 года в порядке п.2 ч. 2 ст.37 УПК РФ в следственные органы для осуществления уголовного преследования направлено 10 материалов проверок по факту незаконно установления жителями района пенсии по инвалидности.***

***По результатам проверок в декабре 2015 года следственными органами возбуждено 10 уголовных дел по ч.3 ст.159.2 и ч.2 ст.327 УК РФ в отношении жителей района, получавшие по фиктивным выпискам из акта освидетельствования гражданина, признанного инвалидом с 2007 по июль 2015 года пенсии по инвалидности.***

**Прокурор района младший советник юстиции Д.А. Джабраилов**


*Газета гIуцIарал:* *Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

*Учредители:* Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

*БетIерав редактор* *ГI. ГIумаханов*

*Редакторасул заместитель* А. Агъларов

*Жавабияй секретарь* З.ГIумарова

*Отделалъул редакторал* Ш. Лабазанов, П. Дибирова

**ГЬУДУЛЛЪИ**
*Тираж 1000*

**Мухбирзаби** *З.МухIамадова/М.ГIумаханова*

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*